



KONNEN DWA W LÈ W RESEVWA PYÈS IDANTITE W

TOUT MOUN K AP VIV NEW JERSEY ELIJIB POU APLIKE POU YON LISANS NÒMAL OUBYEN YON PYÈS IDANTITE KI PA LISANS. MEN SA OU DWE KONNEN.

Ou ka jwenn yon lisans nan nenpòt biwo Motor Vehicle Commission (Komisyon Machin, MVC) epi pran yon randevou anliy.
Fòk ou peye pou kat didantite men ou pa bezwen fè sa pou randevou a. (Enfòmasyon MVC: <https://nj.gov/mvc>)

Fòk MVC bay entèpretasyon nan randevou ou a oubyen otorize yon entèpret, men li pa gen dwa pou l monte nan machin nan pou tès pratik la.

- Fòk MVC bay sèvis tradiksyon nan telefòn - oubyen ou ka vini avèk yon entèpret. Men pèsòn, pa menm yon tradiktè, p ap ka vini avèk ou nan machin nan pandan tès pratik la.
- Egzamen ekri a nan lang sa yo: anglè, arab, mandaren, fransè, panyòl, koreyen, polonè, pòtigè, ris, ak japonè. Egzamen pale la fèt ann anglè ak an panyòl.

Fòk ou tradwi dokiman ou yo an anglè, men ou pa oblije bay yon pwofesyonèl fè li.

Yon moun ki gen 18 lane oubyen plis, epi ki pale anglè ak lòt lang yo ka tradwi dokiman yo. Fòk tradiktè a siyen yon sètifika ki verifiye dokiman. Egzanp sètifika: <https://www.state.nj.us/mvc/pdf/license/Sample%20Certificate%20of%20Translation.pdf>

Pou jwenn yon lisans fòk ou bay:

- **Prèv idantite.** Ou bezwen yon premye dokiman ak yon dezyèm, ki fè pati sis pwen pyès idantite ki nan lis sa: https://www.state.nj.us/mvc/pdf/license/Standard_License_Sheet_Engl.pdf
- **Prèv ou ap viv New Jersey.** W ap gen pou montre yon dokiman avèk non ou epi adrès New Jersey ou a, tankou yon fakti, oubyen yon kontra lokasyon.
- **Ak tout yon nimewo sekirite sosyal (Social security number SSN) oubyen yon nimewo kontribiyab endividyèl (Individual Taxpayer ID Number, ITIN) oubyen yon deklarasyon sou sèman (affidavit) ki di ou pa genyen yon ITIN oubyen yon nimewo sosyal, epi ou pa kalifye pou yon SSN. Si yo te ba ou yon nimewo sosyal ofisyèlman oubyen ITIN ou paka sèvi ak affidavit.** Avèk yon ITIN, fòk ou montre yon lèt apwobasyon ITIN OUBYEN yon deklarasyon revni ki montre ITIN ou an. Fòmilè affidavit ou a ki pou siyen devan yon anplwaye MVC, oubyen ki dwe notarye, disponib la: <https://www.state.nj.us/mvc/pdf/license/affidavit.pdf>

Yon anplwaye MVC ka mande ou si ou vle enskri pou ou vote, oubyen ou ka jwenn enfòmasyon konsènan vòt sou imel ou. **Si ou pa sitwayen peyi Etazini ou PA KAPAB enskri pou vote.** Si yon moun ki pa ameriken al enskri pou l vote, yo ka: rele li lajistis, depòte li, oubyen li riske pèdi kapasite pou vin sitwayen.

MVC ka pataje enfòmasyon pèsònèl ou, men lalwa mete pwoteksyon sou lavi prive epi limite kapasite pou pataje enfòmasyon.

- MVC PA KAPAB pataje enfòmasyon pèsònèl nan objektif pou kontwòl imigrasyon federal, sof si ou bay yon pèmasyon ekri oubyen yon jij oubyen yon asiyasyon sou temwen mande li.
- MVC AJOUTE enfòmasyon ou a nan baz done li epi li KAPAB pataje li avèk lalwa, tribinal, ak biznis pou rezon presi, tankou sekirite machin, oubyen verifikasyon anplwaye.
- MVC PA KAPAB kenbe kopi dokiman idantite ou lè ou aplike pou yon lisans nòmal oubyen pyès idantite, sof si y ap mennen ankèt sou yon magouy nan idantite.

Li sou restriksyon sou lavi prive: <https://www.state.nj.us/mvc/pdf/business/DriversPrivacyProtectionAct.pdf>

Kontakte avoka anvan ou aplike pou yon lisans si : ou te nan pousuiv depòtasyon, lapolis te arete ou, yo te pousuiv ou lajistis pou yon zak, yo te ba ou yon lisans deja, oubyen arete ou paske ou t ap kondwi san lisans, oubyen si ou genyen yon kesyon sou nimewo sekirite sosyal.

Rete branche sou kesyon dwa ak jistis imigran
www.aclu-nj.org
www.njimmigrantjustice.org
www.letsdrivenj.org

Si yo maltrete oswa oubyen yo vyole dwa ou, ou ka depoze yon plent avèk MVC

Rele 609-292-6500 oswa 888-486-3339

Imèl: MVC.Correspondence@mvc.nj.gov

Lapòs: Motor Vehicle Commission, Customer Advocacy Office, P.O. Box 403, Trenton, NJ 08666

Resous sa yo se sèlman pou enfòmasyon, se pa konsèy legal.

Si ou vle konsèy legal sou lavi prive oubyen si pou ou aplike pou yon idantifikasyon nan yon eta, kontakte yon avoka.

ACLU
New Jersey